# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–17 सितम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि सज्जों लोगि दुई हजार चौदह के बादे बदलल काशी के देखले हवें। जइसन काशी बदल हवे ओइसने देस अउर उत्तर प्रदेसों में बदलाव आइल हौ। भारत के लग्गे आजु विश्वस्तरीय इन्फ्रास्ट्रक्चर हवे। एक भारत–श्रेष्ठ भारत क परिकल्पना साकार भइल हौ। प्रधानमंत्री के अगुवाई में महज दस सालि में देस पचवीं सबसे बड़हन अर्थव्यवस्था बनि चुकल हवे।

मुख्यमंत्री आजु बनारस के रूद्राक्ष कन्वेशन सेंटर में विश्वकर्मा जयंती और स्वच्छता ही सेवा कार्यक्रम के दौरान मौजूद जन समूह के संबोधित करत रहलें। ये मौका पर उहां के पीएम विश्वकर्मा योजना के लाभार्थियन के ई–बाउचर, प्रशिक्षण प्रमाण पत्र अउर लोन क चेक दिहलीं। उहां के बनारस के एक सौ चारि परिषदीय विद्यालयन में आईआईटी चेन्नई के सहजोग से विद्या शक्ति योजना क सुभारंभ अउर ग्यारह सौ तिरालिस परिषदीय विद्यालयन में स्मार्ट क्लास क लोकार्पणों कइलीं।

**********

गांधी जयंती के मौका पर आजु प्रदेस भर में स्वच्छता ही सेवा अभियान क सुभारंभ भइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बनारस के दशाश्वमेध घाट पर स्वच्छता अभियान की सुरूआत कइले। ऐही क्रम में उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य लखनऊ के बालागंज चौराहे पर भारतीय जनता पार्टी की ओरि से आयोजित स्वच्छता कार्यक्रम में सज्जों लोगिन के सफाई क उपयोगिता बतवलें। ओहीं गोरखपुर में प्रभारी मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह रामगढ़ ताल क्षेत्र में नौकायन से प्लाक रन की सुरूआत कइलें। ऐही तरियन प्रयागराज, कानपुर, मथुरा, अयोध्या, बस्ती, देवरिया, कुशीनगर के लेके सज्जों जिलन में अभियान के तहत कईगो कार्यक्रमन क आयोजन कई के स्वच्छता क सनेसा दीहल गइल। येह बरिस अभियान क विषय– **स्वभाव स्वच्छता–संस्कार स्वच्छता,** रखल गइल हौ। येह अभियान में पर्यटन स्थल, सार्वजनिक भवन, व्यावसायिक क्षेत्रंन जलासयन, चिड़ियाघरन, अभयारण्य अउर सामुदायिक आ सार्वजनिक सौचालयन के लेके कईगो जगहिन पर श्रमदान अउर सामूहिक रूप से बडहन पैमाना पर सफाई कइल जाइ। प्रदेस सरकार स्वच्छता ही सेवा अभियान के तहत दुइ अक्टूबर के स्वच्छता के क्षेत्र में उल्लेखनीय कार करे वाले सफाई मित्रन के लेके अउरियों लोगिन के स्वच्छता ही सेवा अवार्ड से सम्मानित करी।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के जन्मदिन पर आजु प्रदेस के कई जिलन में कई गो कार्यक्रमन क आयोजन कई के भारतीय जनता पारटी ,सामाजिक, सांस्कृतिक संस्था, समेत कई लोगि उनकरे दीर्घायु भइले क कामना कइलें मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काशी विश्वनाथ मंदिर अउर बनारस क कोतवाल बाबा काल भैरव क पूजा अर्चना कइ के प्रधानमंत्री के लमहर उमिरि क कामना कइलें। येह मौका पर उहां के चौहत्तर किलो के लड्डू क प्रसादों बटलीं। श्री योगी शिवप्रसाद गुप्त मंडलीय अस्पताले में रक्तदान सिविर क सुभारंभ कइले के सथहीं मरीजन के फलों बटलें। मुख्यमंत्री सोसल मीडिया प्लेटफार्म एक्स पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के उनकरे जन्मदिन पर बधाई दीहले अउर उन्हें सच्चे अर्थ में भारत के अमृतकाल क सारथी बतवलें। उहां के एक्स पर लिखलीं कि एक सौ चालीस करोड़ देशवासियन के जिनगी के सुखी बनावे खातिर प्रधानमंत्री हरदम्मे तइयार रहे लें। नेशन फर्स्ट के पवित्र भावना से ओतप्रोत, अंत्योदय के प्रण अउर विकसित भारत–आत्म निर्भर भारत के लक्ष्य के सिद्धि बदे समरपित ओनकर जिनगी हर क्षण हमनीं खातिर प्रेरणा क स्रोत हवे। ओहर मुख्यमंत्री लखनऊ में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के जिनगी पर आधारित परदरसनियों क उदघाटन कइले।

**********

प्रदेस के कई गो जिलन में हलुकाहे से मध्यम बरखा का सिलसिला जारी हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से आवे वाले बहत्तर घंटा ले पूर्वांचल के कई गो जिलन में आन्ही के साथे बरखा अउर पाथर पड़ले क अनेसा हवे। ओहर बरखा अउर बान्हन से पानी छोड़ले के नाते गंगा, यमुना, शारदा अउर घाघरा नदी क जलस्तर बढ़ले से प्रदेस के बीस से बेसी जिला बाढ़ के पानी से घिर गइल हवें। सज्जों जगहिन पर राहत अउर बचाव कार जारी हौ। बनारस अउर प्रयागराज सहर के कुछु मोहल्ला ले नदी क पानी पहुंच गइल हवे। बस्ती, संतकबीर नगर अउर गोरखपुर के तीस से बेसी गांव बाढ़ से प्रभावित हवे। येही तरियन लखीमपुर खीरी, फर्रूखाबाद, गोंडा, जालौन, सीतापुर, बहराइच, बाराबंकी, रामपुर, बदायूं, बलिया, आगरा, गौतमबुद्धनगर, बांदा, हमीरपुर, पीलीभीत, अयोध्या, मिर्जापुर, फर्रूखाबाद अउर देवरिया में बाढ़ से बडहन अबादी प्रभावित हवें। सथहीं फसलियों के बहुते नुकसान भइल हवे।

**********

फिरोजाबाद जिला के थाना शिकोहाबाद के नौशहरा क्षेत्र के एगो मकानि में कल्हि देरि राति पटाखन में आग लगले से भइल विस्फोट में एगो लइकनी के लेके चारि जने क मउति हो गइल आ दस से बेसी लोगि घाही हो गइलें। सूचना पाके मौका पर पहुंचल पुलिस परसासन क टीमि घायल के अस्पतालें में भरती करवलें के सथहीं राहत अउर बचाव कार सुरू करवलस। घटना क जनकारी लेत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ घाही लोगिन के इलाज करवले के सथहीं दोसियन के खिलाफ कड़ेर करवाईयों का निरदेस दिहले हवे।

**********